

LAYANG UNDHANG-UNDHANG (RIKSBLAD) KADIPATEN PAKU ALAMAN
1918 ANGKA 18

BAB WEWENANG BUMI
BAB MARINGAKE WEWENANG PANGGADHUHE
BUMI SARTA WEWENANG PANGANGGO BUMI

Pranatane Panggedhening Trah Kadipaten Paku Alaman katitimangsan kaping 17 Agustus 1918.

Manira Panggedhene Trah Kadipaten Paku Alaman sabiyantu kalayan Kangjeng Tuwan Residhen ing Ngayogyakarta .

Manira nggali, tumrape bumi ing bawah Kadipaten Paku Alaman kang wus kapranata maneh, perlu diyasani pranatan kang sumarambah tumrap maringi wewenang panggadhuhe bumi marang kalurahan kang dianakake ing pambangune pranatan anyar mau, apa maneh maringi wewenang panganggo bumi marang kang padha manggon ing bumi kono, supaya samangsa pambangune pranatan anyar wus tinindakake ing bumi liyane ing sajeroné bawah Kadipaten Paku Alaman, pranatan mau kena ditindakake ing bumi mau.

Marmane kang dadi dhawuh manira :

Manira nemtokake pranatan kaya ing ngisor iki :

Bab maringake wewenang panggadhuhe bumi marang kalurahan kang wus dianakake utawa bakal dianakake ing pambangune pranatan anyar, apa maneh maringake wewenang panganggo bumi marang kang padha manggon ing bumi kono.

Bab : 1

Manira nglestarekake watone, sakabehe bumi kang ora ana tandha yektine kadarbe ing liya mawa wewenang Egendhom dadi bumi Kadipaten Paku Alaman.

Bab : 2

- (1). Bumi bawah Kadipaten Paku Alaman kang wus kapranata maneh, iku Kadhistrikan Sogan bawah Kabupaten Adikarta.
- (2). Samangsa panatane pambangune pranatan anyar ing bumi bawah Kadipaten Paku Alaman liyane kang kasebut ing adeg-adeg 1 dhuwur iki wus rampung, sarta pambangune pranatan anyar kena ditindakake ing bumi kono, iku bumi mau uga bakal kabawah ing pranatan anyar, mawa manira anakake layang pranatan.

- (3). Wiwit ing titimangsa tumindake pranatan kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki, bab-bab kasebut ing ngisor iki tinumrapake marang bumi bawah Kadipaten Paku Alaman kang kasebut ing layang pranatan manira mau.

Bab : 3

- (1). Sakabehing bumi kang wus kapranata maneh kang wus terang dianggo uwong cilik, dienggoni utawa diolah ajeg utawa nganggo bera pangolahe, kadidene kang kasebut ing register kalurahan iku padha diparingake marang kalurahan anyar mawa wewenang panggadhuh cara Jawa, dene bumi kang diparingake marang siji-sijine kalurahan mau, bumi kang kalebu ing wewengkone kalurahan miturut register kalurahan.
- (2). Wewenange panggadhuh kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki kasirnakake, menawa saka panemune Bupati kang mbawahake, bumine lawase sepuluh tahun urutan ora diolah utawa ora dienggoni.

Bab : 4

Kejaba wewenange panggadhuh tumrap bumi lungguhe lurah sarta prabot kalurahan tuwin bumi kang diparingake minangka dadi pensiune (pangarem-arem) para bekel kang padha dilereni, iku wewenang panggadhuh kang kasebut ing bab : 3, diparingake marang kalurahan mawa nglestarekake wewenange kang padha nganggo bumi ing nalika tumindake pambangune pranatan anyar. Wewenange nganggo bumi kang dianggo ing nalika iku, ditetepake turun temurun sarta siji-sijine kalurahan sapira kang dadi wajibe dhewe-dhewe, dipasrahi mranata dhewe ngatase ngliyakake bumi sajeroné sawetara lawase sarta ngliyerake wewenange ngelingi pepacak-pepacak kang wus utawa kang bakal manira dhawuhake, utawa kang panindake terang dhawuh manira.

Bab : 5

- (1). Ing samangsa-mangsa manira kena mundhut kundhur bumi sawetara bageyan kang padha diparingake marang kalurahan mawa wewenang panggadhuh, menawa bumi mau bakal diparingake marang kabudidayan tetanen, dene kabudidayan tetanen iku bakal manira paringi wewenang ing ngatase bumi mau miturut pranatan bab pajege bumi. Mungguh laku-lakune kang kasebut ing dhuwur iki, bakal kapranata kamot ing pranatan.
- (2). Kang padha nduweni bageyan bumi ing kalurahan kang bumine diparingake marang kabudidayan tetanen kasebut ing dhuwur iki, padha kena diwajibake nindakake pagaweyan mawa bayaran tumrap kaperluwaning kabudidayan tetanen kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki. Mungguh tumindake ing pagaweyan mau, tumeka ing wektu kang bakal katetepake ing tembe.

Bab : 6

Kajaba tumrap lelakon kang kasebut ing bab 5, manira ora bakal mundhut bumi kang dianggo uwong cilik manut kang katemtokake ing bab : 3, menawa ora tumrap kaperluwaning ngakeh, samono iku mawa maringi karugiyen kang manira temtokake sabiyantu kalayan Kangjeng Tuwan Residhen ing Ngayogyakarta, sawuse karembug dening Kumisi Juru Teksir, dene panindake kang kasebut dhuwur iki, manut kang bakal tinemtokake ing tembe kamot ing layang pranatan manira.

Bab : 6

Kajaba tumrap lelakon kang kasebut ing bab 5, manira ora bakal mundhut bumi kang dianggo uwong cilik manut kang katemtokake ing bab : 3, menawa ora tumrap kaperluwaning ngakeh, samono iku mawa maringi karugiyen kang manira temtokake sabiyantu kalayan Kangjeng Tuwan Residhen ing Ngayogyakarta, sawuse karembug dening Kumisi Juru Teksir, dene panindakake kang kasebut dhuwur iki, manut kang bakal tinemtokake ing tembe kamot ing layang pranatan manira.

Bab : 7

- (1). Bumi sacukupe sabisa-bisane, amba-ambane $\frac{1}{5}$ bumi kabeh, kudu lestari dadi melike kalurahan, kang sapisan minangka dadi lungguhe Lurah sarta prabot kalurahan, kang kapindho minangka dadi pangarem-arem para bekel salame dhewe kang kabekelane disirnakake jalaran saka pambangune pranatan anyar sarta ora bisa kapilih dadi Lurah utawa praboting kalurahan anyar, kang katelu, kanggo nyukupi kaperluwaning kalurahan kang tumrap ing ngakeh.
- (2). Pambegene kanggo nyukupi kaperluwan telung bab kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki, ditindakake kalurahan sawuse dimupakati Bupati kang mbawahake.

Bab : 8

Awit saka surasane pranatan iki, sakabehing pranatan kang mranata bab kang kasebut ing pranatan iki, kang isih tumindake padha manira suwak.

Dhumawuh ing Ngayogyakarta tanggal kaping : 17 Agustus 1918.

Sabiyantu kalayan manira,
Kangjeng Tuwan Residhen
ing Ngayogyakarta

Kangjeng Gusti Pangeran
Arya Adipati Prabu

KANNE

Suryodilogo

Kepareng kaundhangake

Bupati Papatih Dalem

Raden Mas Tumenggung Jayeng Irawan

Kaundhangake kaping Rong puluh Oktober 1918

Bupati Papatih Dalem

Raden Mas Tumenggung Jayeng Irawan